



Pou Piblikasyon Imedya: 01/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL PWOKLAME OKTÒB KÒM MWA SANSIBILIZASYON SOU
VYOLANS DOMESTIK NAN ETA NEW YORK EPI LANSE INISYATIV ODASYE,
INOVATÈ POU EDE SIVIVAN YO**

Gouvènè a anonse 6.5 milyon dola nan sibvansyon Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi (Office of Children and Family Services, OCFS) Eta a administre pou pi byen ede sivivan vyolans domestik yo ak sipòte inisyativ prevansyon yo

Biwo pou Prevansyon Vyolans Domestik (Office for the Prevention of Domestic Violence, OPDV) Eta a lanse kanpay sansibilizasyon piblik sou vyolans domestik ak teknoloji epi pral resevwa pwochen komisyon diskisyon avèk ekspè prensipal yo

Gouvènè Hochul bay lòd ak moniman nan Eta yo pou limen an vyolèt aswè sa a pou make kòmansman mwa sansibilizasyon sou vyolans domestik

Gouvènè Kathy Hochul pwoklame jodi a oktòb kòm mwa Sansibilizasyon sou Vyolans Domestik epi anonse 6.5 milyon dola nan finansman ki pral pèmèt founisè sèvis eta a bay lisans pou ofri sivivan vyolans domestik yo ak fanmi yo opsyon pou jwenn asistans ak sipò, olye pou konte sou sèvis nanabri epi sa pral amelyore tou pwogram prevansyon yo. Anplis de sa, Gouvènè Hochul te mete aksan tou sou yon nouvo kanpay sansibilizasyon piblik sou Sekirite ak Inovasyon Teknolojik pou Sivivan, ke Biwo pou Prevansyon Vyolans Domestik (Office for the Prevention of Domestic Violence, OPDV) la pral kowòdone epi pral fè limyè sou wòl teknoloji nan abi yo.

"Nou fè anpil wout depi tan manman mwen t ap defann sivivan vyolans domestik yo men misyon nou pou mete fen nan abi ak soufrans twòp moun te gen pou sibi poko sou wout fini", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Sistèm nou yo dwe evolye epi nou dwe kontinye ofri solisyon inovatè pou satisfè bezwen sivivan ak fanmi yo, nenpòt kote yo ye".

Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi Eta a ap administre 6.5 milyon dola ki pral sipòte de inisyativ:

- 4.8 milyon dola pou [79 founisè sèvis nan tout eta a](#) pou bay lojman pou sivivan vyolans domestik yo.

- 1.7 milyon dola pou senk òganizasyon ki pa gen bi fè pwofi ki ofri pwogram prevansyon kont vyolans domestik. Chak nan pwogram sa yo ap resevwa 342,380 dola: Retreat, Inc. nan East Hampton, Pwojè Kont Vyolans sou Omosesyèl (Gay and Lesbian Anti-Violence Project) nan Vil New York, Unity House of Troy, Vera House nan Syracuse ak Family Justice Center nan Konte Erie.

Gouvènè Hochul bay lòd ak moniman annapre yo ki nan Eta a pou limen an vyolèt aswè sa a pou make kòmansman mwa sansibilizasyon sou vyolans domestik la

- One World Trade Center
- Tèminal Grand Central (Grand Central Terminal) la - Vyadik Pershing Square (Pershing Square Viaduct) a
- MTA LIRR - East End Gateway nan Penn Station
- Pon Governor Mario M. Cuomo a
- Pon Kosciuszko a
- Pon Franklin D. Roosevelt nan Mid-Hudson
- Batiman SUNY H. Carl McCall lan
- Batiman Edikasyon Eta a (State Education Building)
- Batiman Alfred E. Smith State Office (Alfred E. Smith State Office Building) la
- Pòtay Entènasyonal Ayewopò Albany (Albany International Airport Gateway)
- Konplèks Olenpik pou Sote Lak Placid (Lake Placid Olympic Jumping Complex)
- Pòtay Prensipal ak Sant Ekspozisyon nan Pak Ekspozisyon Eta
- Chit Nyagara (Niagara Falls)

Nouvo kanpay rezo sosyal [OPDV](#) a pral mete aksan sou entèseksyon teknoloji avèk vyolans domestik epi pwopaje sansibilizasyon an sou fòm abi ki jwenn sipò teknoloji. Pandan teknoloji bay sivivan yo aksè ak enfòmasyon, planifikasyon sekirite epi pèmèt yo konekte ak sistèm sipò yo, patnè abizif yo itilize li pou lakòz plis domaj sou patnè yo. Anplis de kanpay sou Twitter (@NYSOPDV), Facebook (@NYSdomesticviolence) ak Instagram (@nysopdv), ajans lan pral esponsòrizasyon yon komisyon diskisyon ki gen ladan reprezantan Facebook, Apple, Norton LifeLock ak ekspè nan akademi pou diskite risk k ap fè sifas yo ki gen rapò ak abi ki jwenn sipò teknoloji, ansanm ak defans mobil ak lòt inovasyon pou ede sivivan yo.

Pwograme pou mèkredi 20 oktòb, diskisyon an, "Ekilibre Inovasyon ak Sekirite Teknolojik nan Kontèks Vyolans ki Baze sou Sèks" konsevwa pou founisè sèvis, defansè ak pwofesyonèl asistans pou viktim yo. Nan fen mwa sa a, OPDV pral libere tou yon nouvo piblikasyon pou ede sivivan yo ak defansè yo konprann abi ki jwenn sipò teknoloji epi bay zouti ak mezi konkrè pou pwoteje vi prive ak sekirite nan yon monn dijital. Ajans lan te lanse tou [nouvo sitwèb li](#).

Komisè Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi an, Sheila J. Poole te deklare, "Ajans nou an fyè pou li administre lajan sibvansyon federal sa a pou pèmèt founisè yo finanse nesosite konkrè pou sivivan vyolans domestik yo, ba yo resous pou jwenn

lojman ki sekirite. Nou konnen bay fanmi yo sipò ak resous se yon bagay ki fondamantal pou anpeche vyolans domestik an premye lye".

Direktè Egzekitif Biwo pou Prevansyon Vyolans Domestik lan Kelli Owens te deklare, "Mwa Sansibilizasyon sou Vyolans Domestik la mete aksan sou yon reyalite ke viktim ak sivivan yo sibi tout ane a epi fè yo konnen yo pa poukont yo. Kounye a plis ke jamè, teknoloji jwe yon wòl enpòtan nan fason viktim ak sivivan yo viv abi, ak kijan yo jwenn aksè ak sèvis pou vyolans domestik. Mwa oktòb sa a, n ap ogmante sansibilizasyon sou enpòtans teknoloji nan transfòme ak mete ajou livrezon sèvis pou sivivan yo nan tout eta. Nou toujou rekonesan pou angajman ak lidèchip long dat Gouvènè Hochul sou pwoblèm enpòtan sa a".

Elizabeth Cronin, ki se Direktris Biwo Sèvis pou Viktim yo (Office of Victim Services, OVS), te deklare, "Nou trè fyè pou travay nou fè nan OVS pou asire viktim krim yo jwenn sipò yo bezwen ak pou asire sivivan vyolans domestik yo gen resous yo bezwen pou jwenn sekirite ak pwospere. Mwen felisite kolèg ajans yo nan eta mwen an pou travay yo epi Gouvènè Hochul pou gwo lidèchip ak defans li nan non viktim ak sivivan krim ak fanmi yo".

Liy Asistans pou Vyolans Domestik ak Seksyèl Eta New York la (New York State's Domestic and Sexual Violence Hotline) disponib 24/7: 800-942-6906 (apèl), 844-997-2121 (tèks) oswa @opdv.ny.gov (chat). Ane pase, liy asistans eta ak lokal yo te resevwa 252,535 apèl pou asistans.

[Biwo pou Sèvis Viktim](#) lan finanse tou yon rezo plis pase 212 pwogram kominotè ki bay sipò dirèk pou viktim krim yo ak fanmi yo. Pwogram yo ka ede tout viktim krim tou pou aplike pou dedomajman ak lòt asistans nan ajans lan, ki se yon rezo sekirite pou moun ki pa gen okenn lòt resous.

###

Lèt nouèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)